U.S. Citizenship and Immigration Services

# Tektal ci Ñaan ab Ñjeggal u Fay ngir sa Formileer I-765, Bindu ngir Jot kayit u Sañ-Sañ u Ligeey

Ñenn ñii bindu ak formileer u I-765, Bindu ngir Jot Kayit u Sañ-Sañ u Ligeey, soxlawul ñuy fay dara. Ci mis-aal, amul lenn looy fay ngir bindu ngir jëkk a jot ab kayit u sañ-sañ u ligeey ngir ñi nekkul ndaw u reew mi ak Formileer I-589 bu des, Bindu ngir Laqqu. Na ngen sukkandiku ci **Tërëlin u Fayu USCIS** ngir xam ndax dafay soxla nga fay ngir ñu bind la ak sa Formileer I-765.

Su fekkee ni da ñu la laaj nga fay ngir bindu ci Formileer I-765, mën na ñu la boole ci ñi ñu jeggal fay bi. Su fekkee ni da nga bëgg ñaan ab ñjeggalu fay, da nga wara bindu ak Formileer I-912 ba pare, Ñaan ab Ñjeggal u Fay, ak sa Formileer I-765. Su fekkee ni da ngay ñaan ab ñjeggal u fay, doo mën bindu ci benn ñaan wala bindu ci internet bi. Li koy wuutu mooy, di nga soxla dugal kayit u ñaan ñjeggalu fay bi boole ko ak Formileer I-765 bi.

- Formileer I-912 jappandal na ci sit u Mëneef u Wëy Gaddaay ak Nekkteefu Ndawu Reew bu U.S. (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) ca **www.uscis.gov/i-912.**
- Formileer I-765 jappandal na ci situ Mëneef u Wëy Gaddaay ak Nekkteefu Ndawu Reew bu U.S. (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) ca **www.uscis.gov/i-765**.
- Sooraaleel: Adarees bi ngay yonnee sa Formileer I-756 mu ngi wekku ci li sabab sa bindu ak sa xeet u palteef bi nga dugal ci Laaj 27 bi nekk ci sa Formileer I-765. Na nga woorliku ci situ USCIS ca **www.uscis.gov/i-765-addresses** soo bëggee bind barab yii.

## Lan laay soxla ngir dooleel sama ñaanu ñjeggal fay?

- Bi ngay dugal sa ñaanu ñjeggal fay, USCIS di na xool firndé yëpp yi nga joxe ci sa nekkin. USCIS mën na la nangul sa ñaanu ñjeggal fay su fekkee ni, bi ngay yonnee, matal nga benn ci sart yii, te nga mën joxe firndé ci gën kaa yees benn ci sart yii:
  - o Yow, sa soxna, wala sa borom kër bii dund ak yow mu ngi jot ab ndampaayu dëkk bu neewle koppar sabab;
  - o Li ngeen di fayeeku toll ci wala gën suufe 150 pur saŋ u Tektalu Ndool bu Dëkk bi ci waxtu bi ngay dugal sa kayit u ñaan ñjeggal fay; wala
  - o Da nga nekk ci jafe-jafe am koppar ngir fay ngir dugal sa kayit.

## Lan mooy Ndampaayu Dëkk bu Neewle Koppar Sabab?

Ab ndampaay u dëkk bu neewle koppar sabab mooy ab ndampaayu dëkk boo xam ni kureel bi la koy jox dafay xayma li ngay fayeeku ak say am-am ngir xool ndax war nga si jot am deet. Ki lay jox ndampaayu dëkk bu neewle koppar sabab mën naa doon, dëkk bi, wala gox bi. Lu ci gën bari, su fekkee ni da nga jot ab ndampaay bu ñu la jox te mu sukkandiku ci li ngay fayeeku, da ñu koy jappee ni ab ndampaayu dëkk bu neewle koppar sabab. Ci ay misaal u ndampaay u dëkk bu neewle koppar sabab, bokk na ci:

- Medicaid;
- Porogaraam u Taxawu ci Lekk bu Baax (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) (ñu ka daan woowee Timbar u Lekk);

- Taxawub Negandiku ngir Jaboot ju Neew Doole (Temporary Assistance to Needy Families, TANF); ak
- Fayeekub Dolli Kaaraange (Supplemental Security Income, SSI), wala beneen porogaraamu dëkk bi wala gox bi.

Da nga wara joxe USCIS ak luy firndeel ni yaa ngi jot ndampaayu dëkk yii. Ay misaal u firndé yuy and ak bataaxal, yegle, wala beneen kayitu dëkk bu bayyeekoo ci ab kureel bi la may ndampaay te am xibaar yi war, bokk na ci:

- turu nit kii jot ndampaay li;
- turu kureel gi maye ndampaay u dëkk bu neewle koppar sabab;
- xeetu ndampaay li; ak
- luy firndé ni yaa ngi jot ndampaay (manaam, bes bi ñu la ko may, bes bi muy dakk, ak/wala besu yeesal bi, su fekkee am na.).

Ab kartu jot ndampaay moom dong du ñu ko nangu ngir firdneel ab ndampaayu dëkk bu neewle koppar sabab xanaa mu am, xibaar yi ñu lim ci kow.

## Ndax Li Ñuy Fayeeku ci Kër gi Yees na 150% u Tektal u Ndool gu Dëkk gi?

Mën nga gis ay xibaar yu yaatu ci Tektalu Ndool gu Dëkk bi ci **www.uscis.gov/forms/filing-fees/additional-information-on-filing-a-fee-waiver**. USCIS di na la laaj nga lim li ngay fayeeku ak lu kenn ku ci nekk di fayeeku ci kër gi. Da nga wara joxe firndé ci li ngeen di fayeeku ci kër gi, bokk na ci tax buñ lay delloo wala ay kayitu payoor bu mat weer ngir kepp ku nekk ci kër gi teey fayeeku.

## Lan mooy mandargaal Jafe-Jafe Koppar?

Su fekkee ni mënu loo fay bindu bi ndax jafe-jafe koppar, lu ci mel ni ñakk ligeey, depaansu faju wu ay mbokk, musiba wala balaa, ñu gennee la sa kër, ñakk dëkkuwaay, wala yeneen nekkin, da nga wara jox USCIS ab faramfacce gu yaatu ci sa nekkin ci wallu koppar ak bepp firndé boo am ngir woné ni amuloo koppar ngir fay bindu bi. Ay misaalu firndé yu ñu nangu ngir dooleel sa faramfacce gu yaatu ci sa jafe-jafe koppar bokk na ci:

- kayitu bank,
- kayitu payoor wala luy firndé ñakk ligeey,
- faktiiru mëneefu gox gi,
- konturaa luyaas,
- faktiiru faju,
- firndé dëkkin gu tagatembé wala ñakk dëkkuwaay.

Ngir dooleel ñaan bii mën nga itam boole ci biir ab kayit gu ñu yoonal bu am kaddu nit kuy seede ci kow waat te mën faramfacce sa jafe-jafe koppar, ku ci mel ni ab kilifa diine, kilifa mbootaay guy dimbalaate, ab kureelu dëkk bi wala gox bi, ab mbootaay bu fi nekkal askan wi, wala ñii jox wëy ñakk dëkkuwaay yii ay fatuwaay. Kayit googu da ñu ko wara xaatim defaale ci bes bi ñu ko def.

Su fekkee ni da nga ñakk firndé bi ndax dogaale, lakk, musiba am balaa, wala beneen xeet u xew-xew bu la bett, da nga wara joxe ay kayit yu bayyeekoo ci takk der yii, ay asiraans, wala beneen xeetu firndé boo am te mu jappandal.

## Yeneen Xibaar

Ngir am yeneen xibaar ci ni ngay dugalee ab ñaanu ñjeggal fay, na nga xool Formileer I-912 ci paasu internet bi ak tektalu formileer yii ci **www.uscis.gov/i-912**, ak sunu paasu internet ngir ñaan ab ñjeggalu fay ci **www.uscis.gov/forms/filing-fees/additional-information-on-filing-a-fee-waiver**.

Ngir yeneen xibaar ci kan la ñu may ngir mu bindu ngir am kayitu sañ-sañu ligeey ak ci wallu fay bi, toppal tektal yi nekk ci Formileer I-765 ci **www.uscis.gov/i-765**.